



DIREKTÈ:
REV. JOE YOUNG
jyoung@minaz.org
(513)433-9032
minaz.org



PREZANTASYON: MINISTÈ ENTÈKILTIRÈL DISTRI MICHIGAN LAN

Eta Michigan nan ap fè esperyans divèsite kiltirèl ak rasyal k ap miltiplier dejou anjou. Legliz Nazareyen nan distri Michigan lan kòmanse santi refle reyalite sa a. Distri nou an ap vin deplizanpli entènasyonal, divèsifye ak plizyè manm ki sòti nan lòt peyi.

Nan sans sa a, èske nou te konnen n ap egzèse yon ministè atravè kèk legliz òganize, nan enplantasyon nouvo legliz ak devlope yon ministè bò kote plis pase 6 gwoup ki pale lòt lang?

Chak semèn, nan distri nou an, kongregasyon Nazareyen sa yo adore Bondye nan lang manman yo (oubyen resevwa yon kongragasyon ki adore) ankreyòl ayisyen, nan lang kinyawanda, nan lang biman an (Bimani), nan lang nepalè, nan lang angle ak plis ankò. Anplis sa, nou genyen kèk kongregasyon ak ministè miltikiltirèl ki rasanble moun ki soti nan divès peyi ki toujou prezan nan sèvis yo.

Pou sipòte ak devlope gwo mouvman sa a k ap grandi pi plis chak jou, ekip dirijan distri a mete kanpe yon depatman ministè entèkiltirèl. Sa sa vledi yon depatman ministè entèkiltirèl? Ministè entèkiltirèl la se yon apwòch ministè entansyonèl ki baze sou kominate a pami diferan gwoup kiltirèl, etnik ak lang yo. Apwòch sa a chita sou de aspè. Premye aspè a mete aksan sou responsabilite ak ekipe kongregasyon yo, ansanm ministè yo epi ak kominate yo nan mezi y ap egzèse ministè yo nan kontèks kiltirèl diferan pa yo. Dezyèm aspè a plis fokis sou devlopman yon konpreyansyon ak yon respè pi pwofon, echanj mityèl ide ak prensip kiltirèl yo, li gen arevwa tou ak devlopman relasyon pwofon nan mitan diferan gwoup sa yo.

Konsa, depatman entèkiltirèl la anvizaje yon fanmi distri ki byen devlope, konekte yonn ak lòt epi entèdepandan, nan legliz lokal yo ak ministè ki ekipe pou ministè nan kontèks pa yo pandan y ap benefisyé yon bon jan relasyon sere sere yonn ak lòt epi tabli yon veritab kolaborayon nan mitan yo.

Objektif Distri a klè se sipòte vizyon sa a. Pou rann sa posib, Ekip Dirijab Distri a mete alatèt vizyon sa a Rev. Joe Young kòm Direktè Ministè Entèkiltirèl Distri a.

Joe ak madanm li Cheryl te sèvi pandan 25 ane kòm pastè misyonè nan Legliz Nazareyen Ozetazini ak nan Sidès Lazi. Esperyans ministè pastoral yo gen ladan li : jèn yo, timoun yo epi kòm Pastè prensipal ak yon gou plizyè kilti nan zòn lavil kou andeyò. Responsabilite travay misyonè yo se te: fè disip, lidèchip ak devlopman distri, ELL, travay sosyal ak fòmasyon teyoloji nan 3 peyi, pami plizyè gwoup lang. Moun sa yo, pale Anglè, Bahasa ak lang Endonezyen an.